ku aar deru mbokkam Yàlla aar kanamam ci sawara ëllëg bis-pénc

Jële nañu ci Abuu Dardaa -yal na ko Yàlla dollee gërëm- mu jële ci Yónente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- mu wax ne: «ku aar deru mbokkam Yàlla aar kanamam ci sawara ëllëg bis-pénc».

[Wér na] [At-tirmisiy soloo na ko, ak Ahmat]

Leerarug adiis bi: Yónente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- daf nuy xamal ne képp kuy sàmm wormay mbokkum jullit ci jëw ak ci tere ñu ŋàññ ko walla jëmale si moom lu ñaaw, Yàlla dana ko fegal mbugal ca bis-pénc ba.

http://sunnah.global/hadeeth/wo/show/5514